Alkòl — Ki sa *w ap* fè?

1 Pandan w nan yon fèt, ou rann ou kont, pami moun ki la yo, gen kèk moun ki pa ta sipoze bwè alkòl k ap fè sa.

Ki sa w ap fè?

FÈ YON TI REFLECHI!

BIB LA DI: **"Moun ki gen lespri a wè danje a, li kache, men, moun ki pa gen eksperyans lan kontinye ale tou dwat e li peye sa." — Pwovèb 22:3.**

Pandan w ap panse ak vèse sa a, reponn kesyon ki vin apre yo.

Ki sa k gendwa rive si w ret nan fèt la?

_____

_____

Ki jan w ka kite fèt la san w pa kreye pwoblèm e san yo pa pase w nan rizib?

_____

_____

_____

Èske lè yo pase w nan rizib se *pi move* bagay ki te ka rive w?

_____

_____

KONSÈY

Planifye alavans ak paran w pou w rele yo oswa voye yon mesaj ba yo si w vle kite fèt la bonè.

Sa m ap fè si m nan yon fèt kote y ap mal sèvi ak alkòl:

_____

_____

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2

Si yon moun ap eseye fòse w bwè.

Ki sa w ap fè?

FÈ YON TI REFLECHI!

BIB LA DI: **‘Nou se esklav moun nou obeyi a.’ — Women 6:16.**

Pandan w ap panse ak vèse sa a, reponn kesyon ki vin apre yo.

Ki sa k ka rive si w pa bay yon repons ki fèm?

_____

_____

Lè w gen konfyans nan tèt ou ki jan sa ka ede w reziste anba presyon lòt jèn ap fè sou ou?

_____

_____

_____

KONSÈY

Depi alavans, prepare sa w te ka di. “An jeneral m toujou di ‘non, pa kounye a.’ Sa fè yo kite m trankil e byen souvan, yo pa konn mande m sa ankò.” — Brianna.

Sa m ap di si yon moun ap eseye fè presyon sou mwen pou m bwè alkòl:

_____

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3

Ou soti ak kèk zanmi epi w rann ou kont moun k ap kondui a te bwè alkòl.

Ki sa w ap fè?

FÈ YON TI REFLECHI!

BIB LA DI: **“Moun ki mache ak moun ki gen sajès ap vin gen sajès, men, moun ki annafè ak moun ki sòt, sa ap mal pou li.” — Pwovèb 13:20.**

Pandan w ap panse ak vèse sa a, reponn kesyon ki vin apre yo.

Ki sa k ka rive si w kite moun sa a mennen w lakay ou?

_____

_____

Ki lòt opsyon w genyen?

_____

_____

_____

Ki jan aksyon w fè yo gendwa ede moun k ap kondui a ak lòt moun?

_____

_____

KONSÈY

Evite sikonstans ki ka fè w vin nan menm machin ak yon chofè moun gen dout sou repitasyon l. Toujou planifye pou w gen yon lòt opsyon kòm mwayen transpò.

Sa m ap fè si moun k ap kondui a te bwè alkòl:

_____

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania